

**MAKNA SIMBOLIK KESENIAN JARAN BUTA ING DIHUSUN CEMETUK, DESA  
CLURING, KECAMATAN CLURING, KABUPATEN BANYUWANGI**

***E-JOURNAL SKRIPSI***

Dipunajengaken dhateng Fakultas Bahasa dan Seni  
Universitas Negeri Yogyakarta  
Kangge Anggayuh Gelar Sarjana Pendidikan



dening:  
Imam Kalimi  
NIM. 13205241022

Yogyakarta, April 2018

Pembimbing,

Dr. Purwadi, SS., M. Hum  
NIP. 19710916 200501 1 001

Yogyakarta, April 2018

Ketua Jurusan

Prof. Dr. Suwardi, M. Hum.  
NIP. 19640403 199001 1 004

**PROGRAM STUDI PENDIDIKAN BAHASA JAWA  
JURUSAN PENDIDIKAN BAHASA DAERAH  
FAKULTAS BAHASA DAN SENI  
UNIVERSITAS NEGERI YOGYAKARTA  
2018**

## MAKNA SIMBOLIK KESENIAN JARAN BUTA ING DHUSUN CEMETUK DESA CLURING KECAMATAN CLURING KABUPATEN BANYUWANGI

Dening: Imam Kalimi, Prodi Pendidikan Bahasa Jawa, Fakultas Bahasa dan Seni, Universitas Negari Yogyakarta [Imamkalimi18@gmail.com](mailto:Imamkalimi18@gmail.com).

### Sarining Panaliten

Ancasing panaliten menika kangge ngrembag *makna simbolik* kesenian jaranan buta ing Dhusun Cemetuk, Desa Cluring, Kecamatan Cluring, Kabupaten Banyuwangi. Panaliten menika ngandharaken mula bukanipun, *makna simbolik*, saha paedah saking kesenian jaranan buta wonten ing Dhusun Cemetuk, Desa Cluring, Kecamatan Cluring, Kabupaten Banyuwangi.

Panaliten menika kalebet panaliten *kualitatif*. Data saking panaliten menika kalebet *data deskriptif* awujud tembung-tembung utawi ukara-ukara saking *informan*. *Sumber data*-nipun dipunpikantuk saking *observasi*, *wawancara*, saha *dokumentasi* kesenian jaranan buta ing Dhusun Cemetuk, Desa Cluring, Kabupaten Banyuwangi. Caranipun ngempalaken *data* kanthi *teknik observasi partisipatif*, *teknik wawancara mendalam*, saha *teknik dokumentasi*. Caranipun nganalisis *data* kanthi analisis *data induktif*. Caranipun ngesahaken *data* panaliten menika ngginakaken *teknik triangulasi sumber* saha *triangulasi metode*.

Asiling panaliten menika ngandharaken wujud mula buka, *makna simbolik*, sarta paedah saking kesenian jaranan buta ing Dhusun Cemetuk, Desa Cluring, Kecamatan Cluring, Kabupaten Banyuwangi. Kesenian jaranan buta menika asalipun saking Dhusun Cemetuk, Desa Cluring, Kabupaten Banyuwangi. Mula bukanipun kesenian jaranan buta saking kerajaan Blambangan. *Makna simbolik* saking kesenian jaranan buta nggambaraken pagesangan inggih menika kangge tolak bala. Tolak bala menika kangge nolak babagan ingkang ala-ala, ingkang dipun ibarataken buta, buta menika gadhah sipat-sipat ingkang ala tuladhanipun gadhah sipat *serakah*, sarta culika sipat-sipat kalawau dipungadhahi dening manungsa. Kesenian jaranan buta gadhah makna kangge sedaya tiyang, supados tiyang gesang ing alam donya kanthi sae lan mupangati dhumateng tiyang sanes.

### Abstract

The goal of giant jaranan art research in Dusun Cemetuk, Cluring Village, Banyuwangi Regency, to know the history of giant jaranan art formation, and the benefits of giant jaranan art in Dusun Cemetuk, Cluring Village, Banyuwangi Regency. This study used qualitative research methods. The data is taken including descriptive data which form words and sentences from informants. Sources of research data obtained from observations, interviews, and documentation. How to collect research data using participatory observation techniques, in-depth interview techniques and documentation. How to analyze data by way of inductive data analysis, how to validate research data with triangulation technique of source and triangulation method. The results of the research that was taken by the researchers produced descriptive data in the form of giant jaranan art history, symbolic meaning, and the benefits of researching giant jaranan art in Dusun Cemetuk, Cluring Village of Banyuwangi Regency. According to the story of the local community that giant jaranan art comes from the Blambangan kingdom. The symbolic meaning of giant jaranan art depicts life in society, which is concerned with human nature, actions and behavior in society. Giant jaranan art is done by the people of Banyuwangi to reject the things that he thinks is wrong, or to be kept away from all the dangers that are gianted by bad, greedy, selfish, human. Giant jaranan art has meaning for all people living in the world by behaving well, and respecting each other.

Keywords: *Makna simbolik*. Kesenian Jaranan Buta Banyuwangi.

## A. PURWAKA

Budaya Jawi menika sampun kawentar gadhah kabudayan ingkang maneka warni. Kabudayan Jawi ingkang maneka warni menika kadosta, budaya tata krama, cara anggenipun gesang ing masarakat, adatipun saha seni tradhisi kabudayanipun. Seni budaya menika taksih dipunperang dados seni karawitan, seni beksan, seni swanten lan sanesipun. Kesenian tradhisional menika taksih wonten ing salebeting masyarakat.

Tuladhanipun kados Kesenian Jaran Buta ing Dhusun Cemetuk Desa Cluring, Kecamatan Cluring, Kabupaten Banyuwangi. Kesenian menika boten namung dipuntliti saking asili *ciptaan* kemawon, ananging ugi saged dipuntingali minangka *simbol*. Seni inggih menika asiling bentuk saking *simbol* (Hadi, 2006: 25). *Makna simbolik* saking kesenian jaranan buta saking piranti saha ubarampenipun. Miturut cariyosipun masarakat bilih kesenian jaranan buta

saking kerajaan Blambangan. Inggih nyariosaken raja ingkang gadhah sipat awon, kadosta serakah, culika, sarta tumindak-tumindak ingkang awon. Saking andharan menika bilih kesenian jaranan buta gadhah *nilai-nilai* sarta piwulangan ingkang badhe kaandharaken dening masarakat.

Sumber *data* panaliten saking kesenian jaranan buta. Sumber *tindakan* saha tembung-tembung ingkang wonten ing panaliten menika dipuncathet mawi cathetan tulisan utawi rekaman *video* utawi *audio*, saha ngginakaken kamera kangge mendhet *foto* utawi gambar nalika nindakaken panaliten. Pramila kaangkah supados asil saking panaliten menika minangka estu *gambaran* estu saking kawontenanipun ing salebeting masarakat. Inggih wonten gayutanipun kaliyan *makna simbolik* ing kesenian jaranan buta.

Adhedhasar andharan dhasaring panaliten saha watesaning

prakawis, wosing panaliten menika badhe ngrembag,

1. Kados pundi mula bukanipun Kesenian Jaran Buta wonten ing Dhusun Cemetuk, Desa Cluring, Kecamatan Cluring, Kabupaten Banyuwangi?
2. Kados pundi tatacara utawi prosesi lampahing Kesenian Jaran Buta wonten ing Dhusun Cemetuk, Desa Cluring, Kecamatan Cluring, Kabupaten Banyuwangi?
3. Kados pundi *makna simbolis* wonten Kesenian Jaran Buta wonten ing Dhusun Cemetuk, Desa Cluring, Kecamatan Cluring, Kabupaten Banyuwangi?
4. Menapa paedahipun kesenian Jaran Buta saking Kabupaten Banyuwangi?

## CARANING PANALITEN

Panaliten *Makna simbolik* Kesenian Jaran Buta ing Dhusun Cemetuk, Desa Cluring, Kecamatan Cluring, Kabupaten Banyuwangi menika ngginakaken metode panaliten *kualitatif*. Bodgan lan Taylor (lumantar Moleong, 1996: 4) ngandharaken panaliten *kualitatif* inggih menika salah satunggaling panaliten ingkang ngasilaken *data deskriptif* awujud tetembungan ingkang dipunserat utawi dipunlisanaken saking masarakat utawi tiyang ingkang saged dipuntliti.

Panaliten menika mapan wonten Dhusun Cemetuk, Desa Cluring, Kecamatan Cluring, Kabupaten Banyuwangi. *Setting* panaliten menika kaperang dados tiga, inggih menika papan, paraga, saha kagiatan. Endraswara (2006: 115) ngandharaken bilih *setting* menika gayutanipun kaliyan papan, *lokasi fenomena*, kabudayan tartamtu ingkang dipunadhani.

Sumber *data* panaliten menika tembung-tembung lan tindakan, langkungipun menika awujud data tambahan kados dokumen lan sanes-sanesipun. Ingkang dados *sumber data* panaliten menika *informan*.

Caranipun ngempalaken *data* inggih menika saged manggihaken *data* saking tiyang ingkang sampun dipuntamtokaken dados sumber *informasi* (Soehartono, 2002: 65). Cara anggenipun ngempalaken *data* supados langkung gampang wonten *teknik-teknik*-ipun ngginakaken tigang cara, inggih menika, *metode observasi berperan serta, wawancara mendalam, dokumentasi*.

Caranipun *nganalisis data* dipunginakaken *analisis induktif*, tegesipun data ingkang sampun kempal lajeng dipun-*analisis* sacara *induktif* inggih menika *analisis data* kanthi cara *spesifik* saking lapangan dipundadosaken *unit-unit* lajeng dipunkategoriaken (Moleong, 1996: 103). Cara ingkang dipunlampahi inggih menika (1) *inventarisasi* utawi pangempalan *data*,

(2) *Klasifikasi*, inggih menika *data-data* saking asiling *wawancara mendalam* dipunklompokaken, (3) *inferensi*, utawi damel dudutan saking pungkasaning asiling *interpretasi* ingkang sampun katindhakaken.

Caranipun ngesahaken *data* panaliten menika ngginakaken cara *triangulasi*. *Triangulasi* inggih menika cara ngesahaken *data* kangge ngecek utawi kangge nandhingaken satunggaling *data* kaliyan *data-data* sanesipun (Moleong, 1996: 178). Wonten ing panaliten menika, *triangulasi sumber* dipuntindhakaken kanthi nandhingaken menapa ingkang dipunaturaken *informan* satunggal saha sanesipun ing salebeting pirembaran.

## ASILING PANALITEN

### 1. Mula Buka Kesenian Jaran Buta ing Dhusun Cemetuk, Desa Cluring, Kabupaten Banyuwangi.

Mula buka saking kesenian jaranan buta menika kathah-kathahipun sami mangertos, ananging kesenian jaranan

Dr. Purwadi, S.S, M. Hum.

buta dipunripta menika ingkang kirang mangertos pasipun warsa pinten, amargi wontenipun kesenian jaranan buta menika sampun wonten ing jaman rumiyin. Miturut Bapak Darniwiyono (*narasumber 05*) minangka koordinator kesenian jaranan buta wonten ing Kabupaten Banyuwangi, Kabupaten Banyuwangi rikala tahun 1934 kesenian jaranan buta menika *mengalami vakum*, amargi wontenipun pergejolahan ing pamrintahan, saengga jaranan buta menika boten dipunpentasaken malih, lan vakum saking *dunia pertunjukan*.

salajengipun rikala Indonesia sampun merdeka kesenian jaranan buta dipunmadekaken malih kaliyan bapak Darniwiyono kaliyan bapak Setranawi lan para sesepuh sarta para masarakat Dhusun Cemetuk, Desa Cluring. Andharan kalawau saged dipunpendhet dudutanipun bilih kesenian jaranan buta asalipun saking kerajaan Blambangan, inggih menika nyariosaken raja Blambangan ingkang gadhah sipat awon, serakah, sarta tumindak ingkang boten becik, saengga memper

Kesenian Jaranan Buta.... (Imam Kalimi)

kaliyan tokoh buta ingkang gadhah sipat-sipat kasebut. Awit samenika jaranan buta dipunripta dening para sesepuh utawi tokoh masarakat rika jaman rumiyin.

## **2. Lampahing Kesenian Jaranan Buta**

### **a. Cecawis Sajen Kesenian Jaranan Buta Banyuwangi**

Wujudipun sesajen menika wonten sega golong, tumpeng, jenang sum-sum, dupa, menyan, kopi pait, pangilon, suri, pisang raja setangkep, ingkung, sekar setaman, kaliyan udud.

#### **1. Tumpeng**

Ancasipun tumpeng menika dipundamel *kerucut* kangge tanda bilih saking kathahipun manungsa namung kagungan satunggal sesembahan. Sesembahanipun menika dipunjumbuhaken kaliyan menapa ingkang dipunpitadosi kaliyan masarakat. Awit sedayanipun masarakat Dhusun Cemetuk menika kathah-kathahipun nganut agami Islam dados sesembahanipun inggih Gusti Alllah SWT.

#### **2. Sega Golong**

Sega golong menika gadhah  
maknanipun inggih menika  
nglambangaken *kebulatan tekad* ingkang  
manunggal utawi golong giling.  
Biyasanipun sega golong dipunistilahaken  
tekad ingkang gumolong dadi sawiji.

### 3. Jenang

Jenang utawi bubur sum-sum,  
ingkang gadhah *makna simbolik*, bubur  
sumsum menika kangge pakurmatan  
ingkang dipuntujukaken dening tiyang  
sepuh utawi *leluhur* supados dipunparingi  
kalancaran saha pikantuk keselamatan.

### 4. Pisang Raja Setangkep lan Ingkung

Pisang raja menika  
dipunpitadosi dening masarakat Cemetuk  
minangka pralambang kamukten.  
Wujudipun ingkung menika ngruntel  
minangka pralambang manekung  
dhumateng Gusti ingkang Maha Kuwaos.

### 5. Sekar Setaman

Ancasipun dipunsamektakaken  
sekar minangka sajen menika amargi para  
*leluhur* menika remen kaliyan *harum*-ipun  
sekar. Sekar menika ugi ngemu teges bilih

sedaya masarakat Dhusun Cemetuk menika  
gadhah pangajab mughi-mughi kesenian  
jaranan buta menika tansah arum  
namanipun dumugi *generasi-generasi*  
salajengipun.

### 6. Jajanan Pasar

Jajanan pasar menika gadhah  
makna bilih masarakat Cemetuk gadhah  
karukunan, sanajan gesang ing masarakat  
menika kathah gesehe ananging taksih  
ngutamakaken *tenggang rasa*.

#### b. Prosesi Kesenian Jaranan Buta

*Kesenian* jaranan buta menika  
*prosesi*-nipun menika dipunwiwiti saking  
gladhen, lajeng *pentas*. Saderengipun  
*pentas* wonten *prosesi* nyuwun donga saha  
nyawisaken ubarampe. Ubarampe menika  
dipuncaosaken dhumateng para leluhur  
sarta nyuwun donga supados adicaranipun  
saged kalampahan kanthi *lancar*.  
Pentasipun jaranan buta menika wonten  
kalih *prosesi*, para paraga jaranan buta  
mbeksa kaping pisanan lajeng kaping kalih  
medalipun barongan, celengan, sarta macan  
utawi ndas-ndasan, salajengipun para

paraga kesenian jaranan buta ngalami kesurupan.

### c. *Makna simbolik Piranti saha*

#### **Kesenian Jaranan Buta**

Piranti-piranti saking kesenian jaranan buta wonten mapinten-pinten ingkang gadhah maknanipun, inggih menika piranti-piranti busana jaranan buta, kados ta kuluk. Kuluk menika gadhah *makna simbolik* inggih menika kangge mbedakaken *status sosial*, strata, sarta pangkat. Piranti sanesipun inggih menika rambut gimbal ingkang dados prambang bilih buta gadhah sipat keras, sekarep piyambak, kasar, serakah, sarta brangasan. Piranti salajengipun *aksesoris* ingkang dipunginakaken kangge busananipun jaranan buta gadhah maknanipun bilih sedaya *aksesoris* menika nglambangaken kesederhanaan, *kesejahteraan* antawisipun warga ing Cemetuk.

#### **1. Barongan**

Saking mula bukanipun barongan masarakat menika pitados kangge nolak marabaya, bilih buta gadhah sipat-

sipat ingkang awon. Masarakat pitados bilih barongan menika dipundamel sarta dipunbeksanaken saged kangge memba-memba lan ngusir bab-bab ingkang boten becik, awit samenika barongan kangge *media spiritual* sarta dipunpitadosi kangge nolak marabaya sarta kangge *tarian pertunjukan*, lan saged dipundadosaken hiburan dening masarakat.

#### **2. Macan**

Macan menika salah satunggaling kewan ingkang trengginas saha kuat. Ananging *makna* macan ing kesenian jaranan buta menika dipunpendhet saking namanipun, “macan” ingkang maksudipun maca utawi maos. Dados macan menika gadhah *makna simbolik* bilih manungsa kedah remen maos mliginipun Al-Qur’an supados dipuntebihaken kaliyan marabaya.

#### **3. Celengan utawi Celeng (*babi hutan*)**

Wonten ing kesenian jaranan buta celeng menika gadhah *makna* saking namanipun piyambak inggih menika celengan utawi *tabungan*. Celengan



ingkang dipun-*maksud* menika celengan utawi *tabungan* manungsa rikala gesang ing Donya, kadosta *amal ibadhah*, amal kasaeen sarta mupangati kangge tiyang sanes.

## DUDUTAN SAHA PAMRAYOGI

### 1. Dudutan

Adhedhasar asiling panaliten ingkang sampun dipuntindakaken panaliti bab *Makna Simbolik* Kesenian Jaranan Buta ing Dhusun Cemetuk, Desa Cluring, Kabupaten Banyuwangi saged dipundudut dudutanipun inggih menika:

- a. Mula bukanipun kesenian jaranan buta menika dados salah satunggaling kabudayan arupi kesenian rakyat wonten ing masarakat Dhusun Cemetuk, Desa Cluring, Kecamatan Cluring, Kabupaten Banyuwangi.
- b. *Komponen* ing salebeting kesenian jaranan buta menika woten paraga, iringan, saha beksanipun.
- c. Paedah wontenipun kesenian jaranan buta wonten ing masarakat piyambak inggih menika kangge sarana kumpul

sarta sesrawungan antar warga Cemetuk. Paedah sanesipun wontenipun kesenian jaranan buta mneika kangge para masarakat Dhusun Cemetuk gadhah *kesempatan* ndherek nglestantunaken kabudayan Jawi ingkang arupi kesenian jaranan buta Banyuwangi.

### 2. Implikasi

Asiling panaliten menika gadhah ancas kangge ngandharaken sejarah saha *makna simbolik* saking sedaya *komponen* wonten ing salebeting kesenian jaranan buta ing Dhusun Cemetuk, Desa Cluring Kabupaten Banyuwangi, ugi paedahipun tumrap masarakat ingkang nyengkuyung kesenian menika.

Panaliten menika samangke wonten ing pasinaonan basa Jawi saged nambah seserepan bab kabudayan mliginipun kesenian jaranan buta. Para siswa menika saged nuladani *semangat* saking para pambeksa. Jaranan buta menika ugi ngandhut *nilai-nilai* saha paedah ingkang

saged dipuntrepaken wonten ing pagesangan.

### 3. Pamrayogi

Skripsi menika taksih gadhah kekirangan anggenipun panliti nindakaken panaliten, ingkang dadosaken skripsi menika dereng sampurna. Pramila panliti paring pamrayogi kangge panliti ingkang gadhah gegayutan kaliyan skripsi menika utawi dhateng panliti salajengipun.

1. Data ingkang dipunpanggihaken ing sadangunipun panliti nindakaken panaliten menika taksih kirang *mendalam*. Pramila, kangge panliti salajengipun utawi panliti ingkang

### KAPUSTAKAN

Bastomi, Suwaji. 1992. *Wawasan Seni*. Semarang: IKIP Semarang Press.

Endraswara, Suwardi. 2003. *Metodologi Penelitian Kebudayaan*. Yogyakarta: Gadjah Mada University Press.

\_\_\_\_\_. 2011. *Metodologi Penelitian Tradisi Lisan*. Yogyakarta: Kanwa Publisher.

\_\_\_\_\_. 2006. *Metode, Teori, Teknik Penelitian Kebudayaan*. Yogyakarta: Pustaka Widayatama.

Arikunto, Suharsini. 2002. *Prosedur Suatu Penelitian: Pendekatan Praktek*. Jakarta:PT Rineka Cipta.

gadhah gegayutan kaliyan panaliten menika kedah pados *informan* ingkang mangertos sanget ngengingi bab kesenian jaranan buta, supados datanipun langkung cetha.

2. Panaliti ugi kedah saged ngandharaken ancasipun panaliten ingkang katindakaken dhateng *informan* supados anggenipun *informan* paring *informasi* boten setengah-setengah. Kajawi menika, rikala badhe mendhet *data* arupi *foto*, saking para *informan* ingkang saweg nindhakaken prosesi pikantuk idin.

Gulo, W. 2002. *Metodologi Penelitian*. Jakarta: Grasindo

Hadi Sumandiyo. 2006. *Seni Dalam Ritual Agama*. Yogyakarta: Pustaka.

Herusatoto, Budiono. 1983. *Simbolisme Dalam Budaya Jawa*. Yogyakarta: PT Hanindita.

Jalaludin, Rachmat. 1994. *Psikologi Komunikasi*. Bandung: Remaja Rosdakarya.

Kayam, Umar. 1981. *Seni, Tradisi, Masyarakat*. Jakarta: Sinar Harapan.

Koentjaraningrat. 1984. *Kebudayaan Jawa*. Jakarta: Balai Pustaka.

Kassudiharja, Bagong. 1993. *Olah Seni Sebuah Pengalaman*. Yogyakarta: PT Bentang Intervisi Utama.

Zuhriah, Nurul. 2007. *Metodologi Penelitian Sosial dan Pendidikan*. Jakarta: PT

Bumi Aksara

Moleong, Lexy. 1996. *Metodologi Penelitian Kualitatif*. Bandung: Rosdakarya.

\_\_\_\_\_. 2007. *Metodologi Penelitian Kualitatif (edisi revisi)*. Bandung: PT Remaja Rosdakarya.

Pujiwiyana. 2010. *Pembinaan Paguyuban Seni Tradhisional*. Yogyakarta: Elmatara.

Sedyawati, Edi. 1981. *Pertumbuhan Seni Pertunjukan*.

Sujanta, Wahyudi Pantja. 1996. *Kupatan Jalasutra: Tradisi, makna dan simboliknya*. Yogyakarta: Ditjen Kebudayaan Depdikbud.

Soedarsono. 1972. *Djawa dan Bali: Dua Pusat Perkembangan Drama Tari Tradhisional di Indonesia*. Yogyakarta: Gajah Mada University.

\_\_\_\_\_. 1977. *Tari-tarian Indonesia*. Jakarta: Proyek Penelitian Bahasa dan Sastra Indonesia Daerah.

Soehartono, Irawan. 2002. *Metode Penelitian Sosial*. Bandung: PT Remaja

Wibisono, Wibowo. 1997. *Sebuah Bunga Rumpai dari Sudut Sudut Filsafat*. Yogyakarta: Yogyakarta Kanisius.

Universitas Negeri Yogyakarta, 2013. *Panduan Tugas Akhir*. Yogyakarta: FBS UNY.

\_\_\_\_\_. 2011. *Pedoman Penulisan Tugas Akhir*. Yogyakarta: UNY Press.